

# PLAN: Mattapan

Pwojè Final pou Adopsyon  
Apèsi ak Diskisyon

*Kenya Beaman, Responsab Angajman Kominotè*

*Adriana Lasso-Harrier, Planifikatè Katye*

*Grace Ng, Achitèk peyizaj*


*Nick Schmidt, Planifikatè prensipal transpòtasyon*

*Kenya Thompson, Reyalizatè Iben*



# Sèvis Entepretasyon Lang

Yo bay sèvis entèpretasyon similtane Kreyòl Ayisyen ak Panyòl pou reyinyon sa a. Tanpri klike sou ikón ki anba paj la epi chwazi kanal lang ki apwopriye a. Yo bay yon egzanp ikón anba a.



# Gid pou reyinyon vityèl yo

## Anrejistrem an reyinyon

BPDA ap anrejistre reyinyon sa a epi l ap pibliye l sou paj entènèt BPDA a pou moun ki pa kapab asiste reyinyon sou Zoom sa a an dirèk. Epi tou, li posib pou patisipan yo gendwa pou anrejistre reyinyon an ak kamera telefòn yo oswa lòt aparèy. Si w pa vle yo anrejistre w pandan reyinyon an, tanpri fèmen mikwo ou ak kamera ou

## Pwotokòl pou reyinyon vityèl

- Nou vle asire nou konvèsasyon sa a se yon eksperyans ki bay tout moun k ap patisipe yo lajwa. epi pou tout manm kominote a/aktè yo santi yo alèz pou yo pataje kòmantè yo, kesyon, ak opinyon yo.
- Tanpri, montre ou gen respè pou moun epi respekte kantite tan yo bay chak moun lè ou ap poze kesyon/fè kòmantè, yon fason pou tout patisipan yo ka patisipe nan reyinyon an.

# Gid pou reyinyon vityèl yo

## Enfòmasyon sou Reyinyon an

- Prezantasyon pou sware sa a disponib pou gade sou paj wèb la sou sitwèb BPDA a:  
[bit.ly/PLANMattapan](http://bit.ly/PLANMattapan)
- Anrejistreman reyinyon an pral telechaje sou paj wèb pwojè a nan 48 èdtan.

## Fòma Reyinyon an

- Y ap mete mikwofòn patisipan yo sou silans pandan prezantasyon an.
- Yon fwa prezantasyon an fini, yo pral pran kesyon/kòmantè sou de (2) fason:
  - Pa mwayen ribrik Q+A ki anba ekran ou an, oswa
  - Leve "men vityèl" ou a epi nou pral pran kesyon ou yo aloral nan lòd men ki te leve anvan yo.

# Konsèy pou Zoom

Byenvini! Men kèk konsèy pou itilizatè Zoom premye fwa yo. **Touch kontwòl yo plase nan pati anba ekran an.**

Si ou klike sou senbòl sa yo, ou ap aktive diferan opsyon. (*Itilizatè telefòn yo peze \*9 pou leve men epi peze \*6 pou ouvri mikwo a.*)



**Fèmen/ouvri** (ou pral rete fèmen jiskaske yon animatè ba ou aksè)



· **Ouvri kamera/fèmen kamera** (kamera ou pral rete fèmen jiskaske yon animatè ba ou aksè)



**Poze kesyon ki presi** (nou pral gen peryòd diskisyon nan fen an)



**Leve men** pou mande otorizasyon odyo/vizyèl nan fen prezantasyon an

# Rezime prezantasyon an

- Konsènan PLAN an: Mattapan: tèm ak kad vizyon planifikasyon an
- Apèsi sou pwosesis angajman kominote a
- Rezime rekòmandasyon yo
- Pwochen etap yo
- Konvèsasyon




# **Objektif Plan; Rezime sou Pwosesis Angajman Kominotè**

# Yon avni ekitab, kominote a ap dirije

## PLAN: Mattapan anvizaje yon avni kote:

- Pou kounye a, rezidan Mattapan yo **estab nan kay yo** epi nouvo rezidan yo **gen opsyon lojman abòdab.**
- Moun ki abite Mattapan yo gen **mwayen transpò piblik ki an sekirite epi ki serye** pou ale travay, lekòl, ak nan espas kominotè nan Mattapan ak nan tout Boston.
- **Mattapan Square** ak lòt sektè nan katye yo gen **biznis lokal ki dinamik, k ap pwospere ak espas kiltirèl** ki reflete bezwen rezidan yo epi ranfòse idantite katye a.


# Yon Pwosesis Kominote a ap dirije



## PLAN: Mattapan will...

- Be an affordable place to live, with access to varied businesses and opportunities. and healthy Mattapan will have greater accessibility to green and blue space. ~~It will be easy to connect to other neighborhoods via transit, and will be a desirable destination for visitors.~~ Mattapan will write its own history.

# Kalandriye pou Angajman Kominotè



**15**

Reyinyon Piblik yo

**18**

Tyat ak yon planifikatè

**90+**

Reyinyon Asosyasyon katye yo

**25+**

Enfòmèl Evènman Angajman

# Reyinyon kominotè sou pwojè plan an

## Ekip Planifikasyon an te pataje yon pwojè pou PLAN an: Mattapan nan dat 3 Oktòb 2022

Yo te pibliye pwojè a sou sit entènèt BPDA a (nan lang Anglè, Kreyòl Ayisyen, ak Panyòl) epi li ouvri pou opinyon publik la. Ekip Planifikasyon an te fè prezantasyon tou sou kontni ki nan plan pwojè a. Sa w pral wè pi ba a se yon rezime sou angajman kominotè a ki disponib pou rasanble opinyon moun genyen sou pwojè a:

- Prezantasyon Vityèl pou gwooup sivik katye Mattapan an pandan tout mwa Oktòb 2022 a
- Konferans Anyèl Ayisyen Ameriken Ini yo
- 3 Konvèsasyon Ak yon Planifikatè nan Bibliyotèk Mattapan (an pèsòn)
- Depo dokiman nan kad evènman kominotè yo (Mattapan Boys & Girls Club, evènman Mattapan Main Streets ansanm ak pwopriyetè biznis yo)
- 2 sesyon diskisyon:
  - ❖ 1 an pèsòn nan kowòdinasyon ak Caribbean Integration Community Development (Devlopman Kominotè pou Entegrasyon Karayib la)
  - ❖ 1 anliy ak River Street Civic Association (Asosyasyon Sivik River Street la)

**Yo te pwolonje peryòd ki prevwa pou prezantasyon opinyon publik sou plan pwojè a pou yon lòt mwa, epi dènye dat limit la se te 5 Desanm 2022.**

# Rezime Opinyon yo

Nan opinyon sou rekòmandasyon pwojè yo, bagay sa yo nou pral site yo te ankouraje moun yo...

- Amelyorasyon sekirite pyeton yo
- Vizyon katye a nan 10 minit
- Konsepsyon iben ak estrateji delimitasyon zòn ki te ranfòse objektif yo nan domèn jistik anviwònmantal ak sante piblik
- Estrateji pou prezève espas ouvè yo ak bote natirèl Mattapan epi ki rann li pi aksesib apye oswa sou bekàn
- Chanjman nan repatisyon zòn yo ki pral favorize yon devlòpman pou itilizasyon pi varye nan Plas Mattapan yo



# Rezime Opinyon yo

Nan opinyon yo sou rekòmandasyon pwojè yo, moun yo ta renmen nou bay plis atansyon ak...

- **Init Lojman Adisyonèl:** enpak ADU ki pa reglemante sou katye a
- **Plas Mattapan:** bilding vid, pwopriyetè byen absan, bon antretyen nan espas publik yo, bezwen espas komèsyal/kiltirèl ki plis varey
- **Devlopman alavni:** ankouraje pwopriyetè kay, enpak sou katye a, rediksyon devlopman ak avantaj kominotè nan pwojè Atik 80 yo.
- **Transpò nan Mattapan:** blokis sou Blue Hill Ave, èd pou devlope mwayen transpò ki sekirize epi ki serye.



# Pwoblèm ki PLANIFYE: Mattapan abòde yon fason dirèk

PLAN: Mattapan se vizyon ak rekòmandasyon katye a genyen sou fason yo dwe dirije devlòpman ak kwasans Mattapan pou ane k ap vini yo.

- Rediksyon nan efè devlòpman ak avantaj kominotè yo nan pwojè ki gen pou wè ak Atik 80 yo
- Deskripsyon ak definisyon repatisyon zòn pou itilizasyon miks ansanm ak eksplikasyon vizyon/rezulta novo sant komèsyal yo
- Direktiv konsepsyon iben yo pou pi gwo pwojè rezidansyèl ak konstriksyon lojman entèmedyè yo
- Direktiv devlòpman pou plas, koridò ak sektè rezidansyèl Mattapan yo



PLAN: Mattapan konsantre sou repatisyon zòn ak direktiv devlòpman ki pral pèmèt plis konstriksyon ak itilizasyon miks epi ki pral vin ak yon pi gran kantite itilizasyon komèsyal ak kiltirèl nan plas ak koridò Mattapan yo.

# Pwoblèm ki enpòtan yo, men ki bezwen plis kolaborasyon

Sa ki pi ba yo se pwoblèm yo pa kapab abòde sèlman atravè PLAN: Mattapan epi yo pral mande pou gen plis sipò ki bay oswa pou Vil la oswa lòt antite fè plis etid, antite tankou MBTA oswa DCR:

- Pakin ak Blokis sou Blue Hill Ave yo ak plan Meri Vil la genyen pou rekonsepsyon wout la
- Enpak Inite Lojman Adisyonèl (Additional Dwelling Units, ADU) yo ap gen sou kominote a, fason pou finanse ADU yo
- Favorize opsyon transpò ki aksesib epi sekirité ki rann li pi rapid epi pi efikas pou deplase ale lòt kote (nan sèvis pataj vwayaj nan machin epi sou bekàn, sèvis eksprès pou bis, elatriye)
- Ankouraje devlòpman komèsyal ki pi divès nan Mattapan Square, solisyon ak aplikasyon prensip sou pwopriyetè byen ki pa la yo, bilding ki pa gen moun/ki pa an bon eta yo, antretyen espas publik yo
- Fè pwomosyon opòtinite pou moun vin pwopriyetè kay nan nouvo devlòpman (konstriksyon) yo
- Ogmante pwoteksyon anviwònman nan rezèv natirèl Mattapan yo, sitou sou longè Rivyè Neponset la.



# Rezime sou Plan an: Rekòmandasyon Mattapan yo

# Kad Planifikasyon



**Kafou & Plas-** espas santral nan katye kote rezidan yo reyini ansanm pou achte, travay, ak devlope kominote a.



**Koridò** - lari prensipal ki mennen moun antre, soti, ak nan alantou Mattapan.



**Sektè rezidansyèl** - zòn nan Mattapan pifò rezidan yo rele lakay yo.

# Kafou & Plas: Sa Nou te tande:

*"Fasad ak estrikti ki te deja la nan Mattapan yo bezwen repare epi modènize. Plan sa a ta dwe gen ladan fè fasad yo ak bilding ki te deja la yo vin pi bèl.*

Live / Work  
Space for  
Mattapan  
artists

*"Espas pou atis  
Mattapan yo  
viv/travay."*

Work force  
Development  
- Training  
- Pop-up Shops  
- Gardening

*"Devlopman Mendèv.  
Fòmasyon, boutik tanporè,  
jadinaj."*

- Yes attractiveness  
- There needs to  
be a draw for  
people

*"Wi atiran; moun yo bezwen pou  
yo atire yo."*

# Kafou yo ak plas yo se Zòn Destinasyon Mattapan yo



- **Espas pou reyini epi pou rankontre:** Ankouraje devlopman espas komèsyal / kiltirèl ki vare
- **Ogmante sipò pwopriyetè biznis lokal aktyèl yo/alavni atravè pwogram Vil Boston yo**
- **Katye a nan 10 minit:** Kreye novo zòn devlopman pou plizyè itilizasyon pou facilite aksè rezidan yo ak pwovizyon/sèvis esansyèl yo; ogmante kapasite akèy lojman yo
- **Rezilyans anviwònman an:** pyebwa nan lari yo, jaden lapli yo, plat bann ki plante ak lòt enfrastrikti vèt.

# Ogmante kapasite pou mache ak aksè nan kafou Mattapan yo

Branding &  
Wayfinding

Transportation -  
car share

Transportation -  
Ride Hail PU/DO

Placemaking -  
ground mural

Placemaking & Information - smart  
bench, WiFi, information kiosk

Transportation -  
bikeshare


Greening -  
self watering  
planters



*Yon GoHubs! sitiye sou Plas Maverick nan Lès Boston*

- 18% nan kay ki nan zòn etid Plan an sitiye 10 minit apye parapò ak yon estasyon tren oswa estasyon otobis prensipal la, bisiklèt an komen ak machin an komen (konpare ak 60 pousan nan tout vil la).
- Agrandi GoHubs Boston yo! pwogram nan Mattapan ki ta ofri plis posiblite pou deplasman epi ki pèmèt 85% nan fwaye Mattapan yo sitiye nan 10 minit apye anrapò ak posiblite pou deplasman ki elaji.




# Estrateji pou yon Plas Mattapan ki akeyan ki ktif



# Koridò: Sa Nou te tandem:

*"Mwen kontan anpil konsènan posiblite pou gen nouvo pasaj pou pyeton yo, estrateji pou diminye sikilasyon nan lari yo.*

*Blue Hill Ave reprezante yon gwo baryè...kidonk, fè koridò sa a bay pyeton rezidan lokal yo priyosite olye yo kite pase machin transpò piblik yo, sa ap ranfòse kominate a."*




*"Transpò ki apwopriye epi ki  
regilye nan kominate a."*

*"Fwa nan lari; Fèt katye amikal  
pou fanmi yo."*

*"Otobis ki sikile alè; plis  
estasyon otobis ak abri."*

# Koridò: Deplasman ki san danje, yon devlopman ki baze sou transpò an komen




- Soutni yon devlopman ki plis varye epi ki pou plizyè fanmi:** etabli gwo pwojè rezidansyèl toutolon koridò yo, asosye ogmantasyon wotè/dansite ak avantaj tankou pri ki abòdab, amelyorasyon espas publik ak amenajman nan premye nivo a.
- Vwayaj ki an sekirite epi ki serye:** amelyore/konstwi plis pasaj pou pyeton; ogmante frekans ak presizyon nan sèvis otobis ak transpò rapid an komen
- Plis biznis lokal:** ankouraje nouvo itilizasyon komèsyal/kiltirèl, pi byen konekte biznis ak sipò vil la
- Espas publik ki pwòp, ki aktif:** konbat smog ak chalè nan plante plis pyebwa ak enfrastrikti vèt; bay priorite ak devlopman espas atistik/kiltirèl pèmanan + evènman tanporè yo

# Egzijans anrapò ak kouvèti teren pou espas ouvè ak moun


PLAN: Mattapan pwopoze pou ajoute **egzijans anrapò ak kouvèti teren pou** nouvo devlopman yo. Egzijans anrapò ak kouvèti teren favorize kreyasyon espas vèt ak espas deyò ki bati nan yon pwojè.



Plis pyebwa, espas ouvè pou jwe




Zòn pou manje deyò



Ede pi gwo devlopman yo respekte  
pi piti echèl rezidansyèl yo

# Pasaj pou pyeton ki plis an sekirite, ki pi konfòtab



- Yo bezwen pasaj pou pyeton ki plis an sekirite, ki pi konfòtab pou ankouraje chofè yo ralanti epi pou kite pyeton yo pase. Tout pasaj pou pyeton yo ta dwe konplètman aksesib.
- BPDA te evalye kondisyon tout pasaj pou pyeton yo nan zòn etid PLAN an. Evalyasyon an te montre 81 kote ki gen chans pou amelyore pasaj pou pyeton oswa nouvo pasaj pou pyeton yo.

# Amelyorasyon rezo otobis ak transpò rapid

## Rezo otobis:

- Majorite moun ki abite Mattapan yo pran otobis la, men sèvis la lan, li pa fyab epi li pa dirèk.
- Agrandisman oswa amelyorasyon sèvis wout otobis ki egziste deja yo, nouvo wout otobis yo, ak nouvo wout yo rezève ak bis yo pou ranfòse konfyans epi pou atire otobis yo.

## Rezo tren ak transpò rapid:

- Rekòmandasyon yo gen ladan yon sèvis Fairmount Line ki pi regilye epi ki gen elektrisite, yon Mattapan Trolley modènize epi ki pwolonje, ak nouvo koneksyon pou pyeton ak bisiklèt ak estasyon tren ki deja egziste.



# Estrateji pou koridò ki sekirize, ki rezistan

Sèvi ak pyebwa,  
plantasyon ak espas  
ouvè pou rezilyans  
klimatik epi pou bay  
espas pou  
jwe/rasanbleman.

Ankouraje lojman kalite  
siperyè ak estanda  
anviwònman ki wo nivo,  
bay priorite ak yon  
melanj nan gwosè  
lojman yo

Regwoupe posiblité transpò  
adisyonèl yo (sa vle di estasyon  
otobis ak bisiklèt publik)

Ankouraje espas  
komèsyal aktif nan  
kafou prensipal yo


Kreye pasaj pyeton ki pi an  
sekirite lè yo fè yo pi kout

Amelyore lari yo pou yo  
reponn ak kritè aksè yo




# Sektè Rezidansyèl: Sa Nou te tande

*"Mòd aplikasyon san restriksyon [ADU yo], jan sa dekri nan Plan sa a, souve enkyetid ki vrè."*



*"Plis lojman ki piti pou granmoun ki selibatè yo pou yo fè ekonomi epi pou yo retounen sou pye yo."*



*"Bay plis aksè ak pwopriyete."*



*"Bezwen Lojman pou moun aje."*

# Sektè Rezidansyèl: Devlopman san Deplasman



*Mattapan gen divès kalite lojman, soti nan kay pou yon sèl fanmi rive nan biling apatman rezidansyèl ki gen plizyè etaj.*

- **Ankouraje posiblite pou vin pwopriyetè yo:** Ankouraje konstriksyon lojman pou vin gen pwopriyetè kay, nan tèt kole ak Biwo Lojman Majistra a
- **ADU nan lakou dèyè:** kreye richès, sipòte fanmi ki gen plizyè jenerasyon yo, epi ankouraje yon lejè ogmantasyon dansite nan otorize inite lojman adisyonèl nan lakou dèyè yo.
- **Koneksyon Vèt & sekirite pou pyeton:** favorize aksè ki sekirize epi ki rapid nan espas ouvè yo epi amelyore Rezo koneksyon vèt yo; redui sikilasyon nan wout rezidansyèl yo

# Divèsiye Opsyon Lojman ak ADU dèyè nan lakou

**Règleman aktyèl la** pèmèt pwopriyetè kay yo transfòme espas ki te deja egziste yo (galta, sousòl, elatriye) nan Inite Lojman Adisyonèl (ADU).



Inite separasyon



Transfòmasyon sousòl



Transfòmasyon  
Galta (twati)

# Divèsiye Opsyon Lojman ak ADU nan lakou dèyè

**PLAN: Mattapan pwopoze alokasyon pou ADU nan lakou dèyè yo nan soudistri ki gen 1 jiska 3 fanmi yo.**



Egzanp yon lojman ADU nan lakou ki izole

Moun ki abite Mattapan vle wè plis opòtinite pou:

- Lojman pou plizyè jenerasyon
- Lojman pou granmoun aje
- Revni siplemantè pou ede kouvri depans ki gen nan lavi a.
- Lojman nan pri abòdab ki koresponn ak yon pakèt kalite fanmi

Gen kèk enkyetid ki te soulve konsènan enpak ADU ki pa reglemante ki ta ka mennen nan:

- Twòp moun ak anbouteyaj
- Enpak sou pyebwa ak espas vèt
- Pakin nan lari

# Divèsiye Opsyon Lojman ak ADU dèyè nan lakou

**Plan an rekòmande yon etid sou posiblité pou fè delimitasyon zòn yo pou detèmine ki jan pou aplike, yon fason ki responsab, ADU dèyè nan lakou nan Mattapan kòm yon pwochen etap.**


Etid sou posiblité pou fè delimitasyon an idantifye zòn ak kondisyon kote ADU dèyè nan lakou yo fonksyone ak kote yo pa fonksyone.

Epitou, BPDA ap travay an kolaborasyon ak Biwo Lojman Majistra a pou chèche pwogram finansman ak asistans teknik ki pral fè devlopman ak konstriksyon ADU yo pi abòdab pou pwopriyetè Mattapan yo.



*Egzanp yon ADU dèyè nan lakou yo atache*

# Rezo Koneksyon Vèt: Koneksyon an sekirite pou espas



## Koneksyon Vèt



Pyebwa nan lari yo,  
kanal yo, pasaj pou  
pyeton ki wo yo, ak pis  
pou bisiklèt yo kreye  
yon anviwònman ki pi  
an sekirite epi pi vèt  
pou tout itilizatè yo.



Polis kouche yo ak pano siyalizasyon  
yo fè li pi sekirize epi pi klè pou  
pyeton yo gen aksè ak pak yo

Pwen Enpòtan Pou Nou Kenbe, Pwochen Etap



# Pwen Enpòtan Pou Nou Kenbe nan PLAN an Mattapan

- Ankouraje devlopman divès itilizasyon ak amelyorasyon deplasman yo pou kreye yon **katye kote ou ka ale nan 10 minit**
- Amelyore **Rezo Koneksyon Vèt yo**, kreye pi bon aksè atravè katye a, sitou nan espas ouvè yo
- Mete ADU dèyè nan lakou yo kòm yon mwayen pou ajoute lojman pi adapte ak bezwen plizyè jenerasyon ak soutni richès jenerasyon yo.
- Mete **egzijans anrapò ak pwoteksyon teren yo** pou diminye sifas ki enpèmeyab yo epi ankouraje yon espas piblik ki pi vèt, ki pi fonksyonèl
- Mete aksan sou **Plas Mattapan** kòm yon kote pou moun viv, lè yo envesti nan espas piblik yo ak nan biznis lokal yo
- Gid yo te ogmante aksè ak **bonjan kalite posiblite pou vwayaje**, ankouraje koneksyon ki sekirize epi ki serye nan Mattapan ak nan rès vil la.

# E apre sa?



- Prezante nan Konsèy Administrasyon BPDA a pou adopsyon nan dat 11 Me
- ADU dèye nan lakou yo: fè analiz biling ki deja egziste nan Mattapan yo pou ekri yon pwojè delimitasyon zòn ki koresponn ak sektè rezidansyèl katye Mattapan an epi ki fasilite enstalasyon ADU ki apwopriye yo.
- Evalyasyon Biznis ak Pwopriyetè nan Plas Mattapan ak Rasambleman anvan pwochen delimitasyon plas ak koridò yo.